

RINGKESAN

AUDIA NURUL FITRIA. Ningkatkeun Kamampuh Mecakan Masalah Matematika jeung Self-Confidence Siswa SMP Ngaliwatan Model Problem-Based Learning nu Dibarung ku Geogebra

Kamampuhan mecakan masalah matematis jeung rasa percaya diri (self-confidence) mangrupikeun kamampuhan anu kudu dipiboga ku siswa dina palajaran matematika. Salah sahiji usaha pikeun ningkatkeun kamampuhan mecakan masalah matematis nyaéta ku nerapkeun modél pembelajaran anu berpusat kana siswa. Salah sahiji cara pikeun ningkatkeun kamampuhan ieu nyaéta ku nerapkeun modél Problem-Based Learning (PBL) kalayan bantuan aplikasi GeoGebra. Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nyaho: 1) naha paningkatan kamampuhan mecakan masalah matematis siswa anu narima modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra leuwih luhur batan siswa anu narima modél pembelajaran biasa; 2) naha rasa percaya diri siswa anu narima modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra leuwih hadé tibatan siswa anu narima modél pembelajaran biasa; jeung 3) naha aya korelasi antara kamampuhan mecakan masalah matematis jeung self-confidence siswa anu narima modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra. Métode anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta métode ékspérimen semu (quasi experiment) kalayan desain panalungtikan non-equivalent control group design. Subjek dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII di SMP Negeri 3 Parongpong taun pelajaran 2024-2025, kalayan dua kelas dijadikeun sampel, nyaéta kelas VIII-E minangka kelas ékspérimen anu dibéré perlakuan modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra, jeung kelas VIII-C minangka kelas kontrol anu dibéré perlakuan modél pembelajaran biasa. Instrumén panalungtikan anu dipaké nyaéta tes kamampuhan mecakan masalah matematis jeung angket self-confidence anu geus nyumponan kriteria reliabilitas soal. Data hasil panalungtikan diolah jeung dianalisis ku program IBM SPSS Statistics 23 for Windows. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén: 1) paningkatan kamampuhan mecakan masalah matematis siswa anu narima modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra leuwih luhur tibatan siswa anu narima pembelajaran biasa; 2) self-confidence siswa anu narima modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra leuwih hadé tibatan siswa anu narima pembelajaran biasa; jeung 3) aya korelasi positif antara kamampuhan mecakan masalah matematis jeung self-confidence siswa anu narima modél problem-based learning dibantu ku GeoGebra.

Kecap Konci: Kamampuh Mecakan Masalah Matematika, Rasa Percaya Diri, Model Problem-Based Learning dibarengan ku GeoGebra.